

Varisèl

Kisa varisèl ye?

Varisèl se yon maladi ki kontajye anpil ki lakòz pa viris ki rele varisèl-zona. Menm viris ki lakòz varisèl la lakòz zona tou (herpes zoster). Aprè yon moun fin retabli de varisèl, viris la rete nan kò a nan yon eta inaktif. Pou rezon ke yo pa konnen konplètman, viris la ka re-aktive kèk ane apres a epi lakòz zona.

Kilès ki ka trape varisèl?

Ozetazini, pifò ka yo rive lakay timoun ki jèn, ki nan laj lekòl yo. Sepandan, risk varisèl la fèb lakay moun ki te resevwa de dòz vaksen yo. Enfeksyon pase avèk varisèl la jeneralman bay yon moun pwoteksyon; dezyèm ka varisèl la rive a pa kouran men li ka rive, patikilyèman lakay moun ki gen sistèm iminitè ki afebli yo.

Ki sentòm varisèl la?

Premye sentòm yo gen ladan aparasyon lafyè, tèt fè mal, ak santiman fatig. Yon eripsyon ki bay gratèl, ki sanble ak zanpoud, ki jeneralman kòmanse sou vizaj la, sou pwatrin nan, oswa nan do a, epi li rive 1-2 jou pita. Apres eripsyon an pwopaje nan rès kò a, epi nouvo zanpoud yo kontinye parèt pandan apeprè 3-4 jou.

An jeneral, nan lespas yon semèn, zanpoud yo seche epi yo fè kal epi yo tonbe.

Nan konbyen tan aprè ekspozisyon an sentòm yo parèt?

Sentòm yo jeneralman parèt nan lespas 14 jou aprè ekspozisyon an, men yo kapab rive nenpòt lè soti 10-21 jou aprè ekspozisyon an.

Kijan varisèl pwopaje?

Viris varicella-zoster a pwopaje nan lè a lè yon moun ki gen varisèl touse oswa estènen. Epitou viris la pwopaje ak kontak avèk swa varisèl la oswa avèk eripsyon zona a anvan li kòmanse dekalè. Yon lòt fason pou trape varisèl se lè ou manipile atik ki sal ak lezon varisèl moun ki enfekte a, tankou dra sou kabann yo.

Pandan konbyen tan yon moun ki enfekte ka pote varisèl la?

Yon moun ki kontajye soti 1-2 jou anvan eripsyon an parèt, epi pandan 5 jou aprè eripsyon an kòmanse oswa jiskaske yon kal fòmè sou li. Yon fwa kal yo fòmè sou tout eripsyon an, moun nan pa ka pwopaje maladi a ankò.

Ki konplikasyon ki asosye ak varisèl?

Varisèlman jeneralman pa grav, men kapab genyen konplikasyon. Konplikasyon ki pi komen yo se enfeksyon akòz bakteri nan po ak nemoni. Konplikasyon ki kouran, men grav yo genyen ladan anflamasyon sèvo a (ansefalit), menenjit, ak sendwòm Reye (prèske sèlman lakay timoun ki pran aspirin yo). Kèk gwoup (tankou fanm ansent, nouvo-ne, moun ki gen sistèm iminitè ki afebli, ak adilt yo) genyen plis risk pou konplikasyon.

Ki tretman ki genyen pou varisèl?

Lakay timoun ki an sante yo, varisèl se jeneralman yon maladi lejè; tretman an vize pou redwi enkonfò. Timoun ki gen varisèl yo pa ta dwe pran aspirin akòz posiblite pou lakòz sendwòm Reye. Medikaman antiviral yo disponib men yo pa jeneralman nesèsè.

Moun ki gen varisèl yo ta dwe rete lakay yo, epi lwen lòt moun, jiskaske tout lezyon yo fin fè kwout.

Kijan yo ka prevni varisèl?

Genyen yon vaksen ki disponib kont varisèl. Yo rekòmande de dòz. Yo ta dwe bay premye dòz la nan 12-15 mwa laj, epi yo ta dwe bay dezyèm dòz la anvan yon timoun antre nan matènèl (4-6 zan). Yo kapab bay iminoglobin varisèl zona a (VariZIG) tou pou moun ki gen anpil risk yo (tankou nouvo-ne) si yo te ekspoze ak varisèl pou kapab bese gravite maladi a.

Kijan m ka jwenn plis enfòmasyon sou varisèl?

- Si ou gen enkyetid sou varisèl, kontakte founisè swen sante ou an.
- Rele depatman sante lokal ou an. Yon anyè depatman sante lokal yo disponib nan <http://www.vdh.virginia.gov/local-health-districts/>.
- Vizite sit entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a nan <http://www.cdc.gov/chickenpox/>.

Oktòb 2018